druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

# ГЪУДУЛЛЪИ ДРУЖБА

№ 48-49 (10214-10215) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2021 сон. 13 август / Рузман

# ХЪУЛУХЪАЛЪУЛАБ САПАРАЛЪ

Дагъистанияз Олимпиялъул хIаязда ракIчIарал бергьенлъаби росулел къояз республикаялъул физкультураялъулгун спорталъул министерствоялъул вакилзаби хъулухъалъулаб сапаралъ щвана нилъер районалде.

Минспорталъул управлениялъул нухмалъулев Халитбег МахIачев, боксалъул рахъалъ лъабго нухалъ дунялалъул чемпион, Олимпиялъул хIаязул призер МухIамадрасул Меджидов, эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпион, чанго нухалъ Европаялъулгун Россиялъул чемпионлъун вахъарав КъурамухIамад КъурамухIамадов, дунялалъул ва Европаялъул чемпионатазул призер, спортшколалъул директор МухIамад ГIисахIажиев дандчIвана районалъул бетIер Руслан ХIамзатовгун.

Гьез лъикIаб къимат кьуна районалда тIоритIулел батIи-батIиял спортивиял къецазе ва районалда спорт цебетIезабиялъе райадминистрациялъ гьарулел тадбиразе. Гьенибго, хас гьабун борхараб ва бицен ккараб суал букIана районалда лъималазда гьоркьоб спорт тIибитIизабиялъул, гьелдехун лъималазул рокьи бижинабиялъул ва спортивиял тадбиразулъ лъимал гIахьал гьариялъул суалги.

Аслияблъун гьебго суал букIана Зило росдал Сагитов Расулил цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалда цебе гIуцIцIараб «Солнечный» лагеералда хIухьбахъи гьабулел лъималазулгун гьалбадерил букIараб дандчIваялдаги.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабурав районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас тIоцебесеб иргаялда кIвар буссинабуна лъималазул цIалул рахъалде ва эбел-инсул адаб-хIурмат гьабиялъул суалалде.

Кидаго гьабе эбел-инсуца малъараб, гьабе гьезул къадрукъимат. Гьел руго нужее гIоло рахъун чIарал, лъикIабщинаб нужее кьолел чагIи. Гьелги нижги чIухIараллъун нуж рахъизе бокьун буго нижее. Гьабулеб ишалдехун; цIалудехун бугониги, спорталдехун бугониги, букIине ккола жавабчилъи цIикIкIараб бербалагьи. Жакъа гьелъие нужее чIагояб мисал Олимпиялъул хIаязда нилъер спортсменаз росулел ракIчIарал бергьенлъаби. Гьединаллъун нуж рахъинеги, нижги нужедаса чIухIарал рукIинеги бокьун буго нижее.

Гьалбадерицаги бицана гIумруялъулъго гIадин спорталъулъги цебе лъураб масъала тIубан, инсан жиндирго мурадалде щвезе ккананн, гIемераб захIмалъикъварилъи хIехьезе кколин ва гIемераб гIетIги тIезе кколин. Жив-живасул къохIехьеялда ва хIаракатчилъиялда бараб бугин хIасилги абун.

Узухъда, кIудияб гъира-шавкъгун гIенеккана лъимал районалъул нухмалъулесул ва машгьурал спортсменазул кIалъаязухъ.

Гьелдаса хадуб гьалбадерица лъималазе сайгъат гьабун кьуна «Твой Олимпийский учебник» абурал тIахьал, «Дагестан» хъварал футболкаби, бейсболкаби ва таргIал.

Школалъул директор Насиб Сайгитовас кIудияб баркала кьуна гьалбадерие гьединаб, лъималазе пайда бугеб, тадбиралда гIахьаллъаралъухъ.

Жиндирго рахъалдасаги Зило росдал гIадамазул рахъалдасаги гьезие баркала загьир гьабуна районалъул бетIер Руслан ХIамзатовасги. Сайгъат гьабун гьалбадерида ретIинаруна гIандадерил хъахIал буртаби ва лъуна вехьасул тIагърал.

Тадбиралъул ахиралда, ракIалде щвеялъе, киналго цадахъ рахъун чIун бахъана сурат .

**XI. XIасанхIажиев.**

АВГУСТ - 1999

Гьудул-къо ккедал лъала

# ГIагараб ракьалда-рекъел цIуни

Унсоколо районалъул ГIашилтIа росулъа Шахиев

ХIажимурад 1999 соналъул август моцIалъ вукIана армиялда, ВатIаналда цебе тIадаб рагъулаб борч борхулев.

Гьенив вукIадго рагIана дида халкъалда гьоркьосел хъачагъал дир гIагараб ракьалде, дир Дагъистаналде тIаде кIанцIун ругиланян ракIалде щвезабуна гьес дол августалъулал къоял.

Кинанха букIараб дур рекIел хIал?

КигIанги квеш, гудрикье ккараб гъалбацI гIадин, карандаса къватIибе кIанцIизе хIадурун букIана дир ракI. Дица хIаракат бахъулеб букIана дун Болъихъе витIизе нухал ратизе. Аллагьасе рецц буго, дир мурад тIубана, гьелъие гIиллаги букIун батила, дир рагъулаб хъулухъ ахиралде щун букIин. Унаро мун Болъихъе, цIадул корониве-ян абулеб букIана дида командирас. Амма кIиго соналъ армиялъ лъадарарав, бахIарчияб халкъалъул би чорхолъ бугев дун битIахъего Болъихъе къокъана гьенисанго.

ВачIана, щвана, ана военкоматалде, десантнияб войскаялда рагъулаб хъулухъ гьабулев вукIарав дун вачIинахъего тIамуна лъабабилеб взводалъул командирлъун. Гьеб букIана батIибатIиял районаздаса рачIарал гIолохъаби-контрактниказдаса гIуцIараб взвод. Гьенир рукIана: Болъихъ, ГIахьвахъ, Унсоколо, Шамиль районаздаса унго-унголъун рагIудалъун гуребха, ишалдалъун ВатIан хириял магIарул цIумал.

Нижер взводалъ хъулухъ гьабулаан Гъодобери-Зибирхьали зонаялда. Ккана камиялги.

Щивасул аслияб мурад букIана: гIагараб ракь цIуни, тушман чIинтIизави. Къокъабго заманалда Россиялъул аскариялгун цадахъ гьедин гьабизеги гьабуна.

Августалъулал лъугьа-бахъиназдаса хадуб дица хIукму гьабуна халкъалъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъе, ВатIаналъул гIорхъи тушманасда бахине тунгутIиялъе гIумру кьезе. Лъугьана СОГалда хIалтIизе, тIубараб лъагIелалъ ТIандо, АнсалтIа, ГIанди, Гъагъалъ дежурство гьабулаан кIиабизеги тушманасул гали нилъер ракьалда лъечIого букIиналъе.

Дол, нилъее захIматал соназ вукIана командирлъун, пулеметчиклъун ва гь.ц., амма мурад букIана кидаго -цо. ГIагараб ракьалда-рекъел цIуни.

Гьелдаса хадув хIалтIана Шамилхъалаялда милициялда, ракIалда кковухъе гIумру кьуна халкъалъул хIинкъигьечIолъи цIуниялъе.

Жакъа къоялда мустахIикъаб хIалхьиялда вуго. Бугониги хIажатаб къоялъ борхизе хIадурараб хвалченги буго.

**З. МухIамадова.**

# ДИР РЕКIЕЛ АХIИ

**ТIаде бахъа, Дагъистан,**
**Тушман тIаде гIунтIанин,**
**ТIокIалъ парахат чIезе**
**Нилъее заман гьечIин.**
**Гъазаватан цIарги лъун,**
**Хъачагъал рачIун ругин**
**Нилъерго ракь цIунизе**
**Къуват реххе, гIадамал!**
**Агъвалиб гъугъай буго,**
**Болъихъ кIкIуйдул цIун буго,**
**ЦIунцIраби гIадин тушман**
**Жакъа тIаде щун вуго.**
**Лъийго бетIер къуличIел,**
**Лъиего наку чIвачIел,**
**Нилъер дагъистаниял**
**Гъуризе гъира буго.**
**Исламги хIалае ккун**
**ХIилла бергьунеб буго,**
**ХIатIикь тIамун Дагъистан**
**Мерхьине бокьун буго.**
**Нилъеда дин малъизе**
**Авараг тун батIияв,**
**ТIокIав чапар вукIинчIо,**
**ВукIине ресги гьечIо.**
**Жакъа вачIана Хаттаб,**
**Жив вугила гьев чапар,**
**Долларазул чванта цIун**
**Ислам биххизабизе.**
**Умумуз гьабулеб дин**
**«Мекъи» букIун рагIула,**
**Цебе къадар щваралги**
**«Капурго» хун рагIула.**
**«ЦIияб исламги» баккун,**
**«Вагьабиял» цIарги тун,**
**Гъазаватан ахIулеб**
**Буго жакъа гIанграца,**
**Гьезда кIочон батила**
**Шамилил рагъул сонал,**
**Дагъистан эркенлъизе**
**КъватIиб бахъараб хвалчен**
**РачIа жакъа Дагъистан**
**Цадахъ рекъон цIунизин,**
**ЦIадабе халкъ рехулеб**
**Рагъуе ахир лъезин!**

***Хадижат ХIАСАНОВА,***
***Унсоколо район.***



# Гьидят




Ас-саламу гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугьу.

Баркула киназдаго МухIаммадияб умматалдаго тIаде жиб щвараб Аллагьасул моцIин жинда абулеб хирияб МухIаррам моцI. Гьеб ккола цIияб соналъул тIоцебесеб моцI. Гьеб моцI тIобитIиялда бараб букIуна тIубараб лъагIалил гIамалгиян абула. Кинха нилъеца гьеб тIобитIилеб?! Нилъеца хал гьабила кин нилъер гIумрудул цоги сон тIаса арабали.

ХIасанул Басрияс абуна: «Ле, Адамил лъимер, мун вуго къояздасан данде гьавурав чи. Дур къо унщинахъ дудаса бутIаги уна»-ян. Гьелъ пикру гьабизе ккела кин унеб бугебали дурго гIумру. ХIисаб гьабила жиндирго нафсалъул, лъикIаб гIамалалдайищ араб дур сон, яги квешалдайищ машгъуллъун ватарав. ХIадисалда буго: «Нужеца хIисаб гьабе нужерго нафсазул, нужер хIисаб гьабулеб къо тIаде щвелалде». ХIисаб гьабун хадуб лъикIлъиялъе щукру гьабила, квешалдаса тавбу гьабила». ХIадисалда буго «Аллагьасе бокьула жинца лагъасе цо нигIмат кьураб мехалъ, ай лъикIлъи гьабизе рес кьураб мехалъ, гьелъул асар загьирлъизе, ай щукру гьабизе. Цоги хIадисалда буго «мунагьаздаса тавбу гьабун, унго-унго ракI бухIулев чи мунагьго гьечIев гIадин вуго» абун.

Гьелдаса хадуб нийт гьабила цIияб соналъе. Кинха гьеб гьабилеб?

«Дица нийт гьабуна жакъа къоялдаса дун хвезегIан Аллагьасул амруялда нахъ вилъльине Аллагьас теян абураб тезе, Аллагь разияв хIалалда гIумру тIамизе»-ян.

Муъминчиясул нийт гьесул гIамалалдасанги лъикIаб бугин бугелъул, ай гьабулеб гIамалалда жаниб гIамал бухIулеб жо ккезе бегьулелъул, нияталдайин абуни щивниги ваккуларелъул. Рес бугони, щибаб моцIрол байбихьуда гьабила гьадинаб нийт:

Нилъеца кIвараб хIаракат бахъила нахъе бахъичIого жакъаялдаса байбихьун лъикIаб гIамал- Аллагьасе гIибадат гьабизе.

МухIаррам ккола Аллагьас рагъ хIарам гьарурал моцIазул бищун тIадегIанаб моцIлъун. Абузар асхIабасдасан бицараб хIадисалда буго: Дица цIехана бичасул аварагасда: Бищун хирияб сордо щиб? Бищун хирияб моцI щиб? Гьес абуна: «Бищун хирияб сордо гьелъул бащалъи ккола, бищун хирияб моцIги Аллагьасул моцI ккола нужеца МухIаррамин абулеб».

Ибну Раджабицаги абулеб буго: «Рамазаналдаса хадуб бищун тIадегIанаб моцI МухIаррам буго»-абун.

Рамазаналдаса хадуб кIалал кквезеги бищун хирияб буго гьаб моцIалъ.

Бичасул аварагас ﷺ абуна: «Рамазаналдаса хадуб бищун хирияб буго кIал кквезе МухIаррам моцIалъ»-ян.

МухIаррамалъул анцIабилебги ГIашура къо ккола. ГIашура къоялъ кIал кквезеги цIакъго суннатаб буго. Ибну ГIаббасидасан бицана- Бичасул авараг Мадинаялде щварав мехалъ гьесда ратана ягьудиял ГIашура къоялъ кIал кколел. Гьес цIехана гьезда щай нужеца гьаб къоялъ кIал кколеб абун. Гьез жаваб кьуна: Гьаб къо буго Аллагьас Муса аварагасеги Бану исраилазеги ФиргIавнидаги гьесул къавмалдаги т1ад бергьенлъи кьураб къо. Гьелъ нижеца гьевги кIодо гьавун, ккола кIал; Хадуб аварагас абуна: Ниж цIикIкIун г1агарал руго нужедаса Мусаде, ва хадуб нижедаги амру гьабуна кIал ккве абун. Цоги х1адисалда абуна: «Нужеца ГIашура къоялда цебесебги хадусебги къоялъ ккве к1ал, ягьудиязда релълъин гьабичIого букIине».

ГIикримат абулев асхIабас бицунеб буго: «ГIашура къо кколин Адам (гI.с.) аварагасул тавбу къабул гьабураб къо. НухI авараг ﷺ гамидаса рещтIараб къо, ФиргIавн гъанкъизавураб къо. Муса (гI.с.) аварагасе ралъад хъвалхьизабураб къо. Гьез гьеб къоялъ щукруги гьабун кIал ккунила, бажарани гьеб кIал нужецаги борчIизе биччаге» ян.

Абу Къутадатица бицана хIадис: Бичасул аварагас абунин: «Щив чи вугониги жинца ГIашура къоялъ кIал ккун, гьев чиясе дун гъоркьчIарав вуго араб соналъул мунагь чуриялъе»-ян.

ГIабдуллагь бин ГIаббасидасан бицараб хIадисалда буго: «Щив чи вугониги МухIаррам моцIалъул ГIашура къоялъ кIал ккун. Аллагьас гьесие кьола 10000 малаикасул кири, 10000 хIадж-гIумра гьабурав чиясул кири,10 000 шагьидасулги кири.

Щив чи вугониги ятимасул ботIрода квер бахъун ГIашура къоялъ. Аллагьас гьесие гьесул ботIрода бугеб щибаб рас рикIкIун даража кьола.

Щив чи вугониги ГIашура къоялъ кIал ккурав чи жиндихъего ифтаралъ ахIун, гьев чиясе букIуна кинабго уммат кваназе ахIараб ва гьел гIорцIизарурабгIан кири. Аллагьас живго разияб хIалалда тIобитIизе тавфикъ кьеги нилъее МухIаррам моц1ги, унеб гIумруги.

МухIаммад ЯгIсуб
ГъазихIажиев.

# «Ас-салам» казият хъваразе кIиго кири щола

**Жинда Аллагьасул ссалатги саламги лъеяв аварагасул хIадис буго: «Салам кьезе суннатаб бугилан, буссинабизе фаризаяб бугилан».**

**«Ас-салам» газетаги ккола гIалимзабазул нилъеде битIулеб салам, щай гурого, гьелда тIад хIалтIула 40-ниги гIалимчи. Гьез битIулеб салам буссинаби ккола газета хъвай ва гьелда хъвараб жо цIалун гIелму боси.**

**ГIезегIанго гъинги кьун, харжалги гьарун газета бахъиялъул магIна буго гIадамазда дин бичIчIизаби, диналъул вацазда гьоркьоб дин щула гьаби, жакъа дин гьабиялъулъ, ислам тIибитIизабиялъулъ ругел церетIеялги, мукъсанал бакIалги киназдаго лъай.**

**Гьединан, гьал къоязда нижер мухбирас гара-чIвари гьабуна Болъихъ районалда «Ас-салам» газеталъул нухмалъулев ХIажиев МухIамадгIарифгун.**

Кинанха бугеб, МухIамадгIариф, жакъа районалда «Ас-салам» казият хъваялъул иш?

Квеш гьечIин абизе бегьула, АльхIамдулиллагь. Нижеда тIад лъураб план букIана 1400 экземпляр, дида гьеб хъулухъ тIад къалелъул 85 процент тIубанги букIана. Подпискаби гьариялъул хIалтIи жакъа къоялдаги унебги буго.

Хас гьабун, газета хъварал чагIазул гIарз букIуна, жидехъе цIализе газетал щолел гьечIин абун. Кин бугеб «Ас-саламалъул» гьеб рахъ?

-Кутакалдаса лъикI буго. Щай гурого, щибаб росулъ вуго «Ас-саламалъул» вакил ва гьез рагIалдеги бахъула жиндир заманалда казият подписчиказухъе кодобе кьеялъул иш. ЛъикIаб низамалда гIуцIун буго гьеб хIалтIи.

РукIунищ гьеб хъвазе инкар гьабулел гIадамал, ва сунда гIилла хурхинабулеб гьединаз?

Камуларо. Гьелъие бугеб гIиллаги гIемериселъ батула росабалъ хIалтIи гьечIолъи, ресал рекъонгутIи. Унго-унголъунги казияталъул бугеб пайда щвалде щун бичIчIунгутIи. Бокьун буго лъазе цо жо. МухIаммад аварагас ﷺасхIабзаби ритIана Аллагьасул калима халкъалъухъе щвезабизе. Гьедин, нилъер дагъистаналдеги, къвалакь мусруги ккун, Аллагьасул шаргI тIибитIизабизе рачIана асхIабзаби. Гьев аварагас ﷺ чапаразухъе кьолел рукIарал кагьтазул бакIалда буго жакъа «Ас-салам» казият.

Дица талихI бугевлъун рикIкIуна «Ас-салам» хъваравги, цIалулевги, гьеб халкъалда гьоркьоб тIибитIизабулевги чи. Щай гурого, аварагас ﷺ ХIаджатуль вадагIалда (ахирияб, ай къо-мех лъикI гьабулеб хIежалда) васигат гьабун халкъалда, ай умматалда абуна: «Нужеца дир рахъалъан цо аят щвезабунги халкъалъухъе щвезабе» абун. Гьеб суалалда хурхун къиямасеб къоялъ аварагас ﷺ гьикъараб мехалъ:-Щиб гьабураб абун?, аварагасе ﷺ жавабалъе батизе бокьун буго, гьеб дур васият нижеца «Ас-салам» казият гьоркьоб ккун халкъалъухъе щвезе гьабунин. Газета «Ас-салам» хъваразе кIиго кири щолеб буго: тIоцебесеб-газета гьоркьоб ккун гьесиеги, хъизан-агьлуялъеги, диналъулъ бичIчIи щвей буго, кIиабилеб-россиялъул ракьалда дин тIибитIизабизе гIахьаллъи гьаби буго.

Аварагасде ﷺхитIаб гьабун Аллагьас абулеб буго: «Я Аллагьасул Расул, дур суннат, гIадамазда гьоркьоб билъланхъун букIадго, Аллагьас гьезде балагьал, захIмалъаби, унти-щокълъаби тIаде риччазе гьечIо, абун. Гьелъги, бокьилаан, гьаб казият тIибитIиялъулъ нилъер щивас гIахьаллъи гьабизе.

Бокьун буго баркала загьир гьабизе «Ас-салам» хъвалезеги, цIалулезеги, тIибитIизе квербакъулезеги.

**ГI. МухIамадова.**

***«Ас-салам» газеталда тIасан цIалдолезул пикраби:***
***Гьаб заманалда гIолареб, щивав чияс хъвазеги кколеб, пайдаги щолеб казият буго «Ас-салам». Берал унтизегIан цIализеги цIалула дица гьеб.***
**Исрафил Дибиров.**

***Баккараб заманалдасаго хъвала дица «Ас-салам». Нижер росулъ хIатта, кIи-кIи, лъаб-лъаб хъвалел хъизамалги руго. Жеги хъвалезул къадар цIикIкIунебги буго.***
**Раджаб МахIалаев.**

# КОНКУРС ТIОБИТIАНА

Исана Дагъистаналъул рухIияб идараялъ лъазабун букIана Дагъистаналъул муфти АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIасан ТIолгороссиялъулаб къец.

1 этап тIобитIулеб букIана жалго гIураб ракьалда, II этап районазда, гьенирги бергьарал МахIачхъалаялда. Гьединан, 1 августалда тIобитIана I этап. Гьениб гIахьаллъи гьабунин абизе бегьула щибаб росдал гIадамаз.

«Отдел просвещениялъул» нухмалъулев Герейханов ГIабдулал рагIабазда рекъон гIезегIан рукIун руго суалазда тIасан бичIчIунареб жо цIехон ахIулел чагIи. Гьелъги бицунеб буго халкъалъ гьеб тIехьалдаса пайда босун букIин.

Гьединан, 1 августалда Микрорайоналда бугеб мадрасалда цере ракIарун рукIана гIиссиналгун чIахIиял гIахьалчагIиги гьезда цадахъ рачIарал гIага-божаралги.

Къец тIобитIана бихьиназе-кIиабилеб тIалаялда, руччабазе-тIоцебесеб тIалаялда.

Кинабниги букIана 40 суал. ГIахьаллъизе бокьаразе букIинчIо чIезабураб соназул ригь. Бищунго кIудияв гIахьалчиясул букIана 62 сон. Конкурсалда гIахьаллъи гьабуна 75 чияс.

КIиабилеб этап букIине буго 15 августалда сагIат анцIгоялда Микрорайоналда бугеб мадрасалда.

**МухIаммад ЯгIсуб**
**ГъазихIажиев.**

# Муслимат

## ЧIужугIаданалда лъачIого гIоларо...

Цо сундаялиго ццидахун, гъулгъудулей йикIуна ПатIимат телефоналда жаниеги яккун. Салам кьун аскIой ГIунайзат кIусидалги рекIеда ятуларо гьей жаваб гьабизе.

**-ГIунайзат**-Йо, мадугьал, мун тIуянго телефоналъ кваналей гьечIищ?

***ПатIимат***-Вай, тIаса лъугьа, дарман. ЙихьичIо. Гьаб телефон абулеб жоялъ тIубан бетIер сверизабун буго дир.

**ГIунайзат**-Уяб жоха, дир яц. Квеш бихьула дур иш.

***ПатIимат***-Уйила, мун цIакъай, дун квешай ккана, гурищ?

**ГIунайзат**-Гуро, дир яц, абизе бегьулебани дунги эбго жо. Щивав чияс жиндирго гъалатI битIизабизе хIаракат бахъулеб букIарабани. КигIан цIакъал гIадамалха нилъ рукIинаан.

***ПатIимат***-Щиб бугеб нилъер квешлъи? Какги бала, кIалги ккола. ГIадамал гIадин дуниял тирулелищ ругел?

**ГIунайзат-**Щай нилъее гьел. Гьезул мунагьал хъирщулел рукIинчIого нилъерго как, кIал камил гьаби бецца-рабги лъикIабги гьечIищ нилъее. Мисалалъе босани ХIайизалъул ахIкамал лъазаризе тIадаб буго кинайниги чIужугIаданалда.

***ПатIимат***-ГIунайзат, гьеб цIехон нилъ лъида аскIоре инел?

**ГIунайзат**-Аллагь разилъаяв имам Гъазалияс «ихIяъ»алда хъвалеб буго кинавниги бихьинчиясда тIадаб бугила жиндаго лъалеб батани жинцаго, лъалеб батичIони лъалесда цIехон, жиндирго чIужуялда хIайизалъул ахIкамал малъизе. Дунялалъул, магIишаталъул бицун бадире кIанцIула нилъ. Щайха гьединал суалалгун росасухъе кIанцIуларел?

***ПатIимат***-Вуя, дир росасда эб лъаларо, лъалезда аскIой цIехон ине дунги нечола.

**ГIунайзат**-Нечон чIезе чIужугIаданалъул ихтияр гьечIо. Аллагь разилъаяй, муъминзабазул эбел, ГIайшатица абун буго: «Аллагь гурхIаги ансариязул руччабазда, нечеялъ гьел ссалат салам лъеяв аварагасда хIакъаб жо цIехеялдаса гьукъичIилан.

***ПатIимат***-Щиб эниб батIаго лъазе кколеб жо.

***ГIунайзат***-Бищунго хIайизалъул гIумруялда йигей чIужугIаданалда лъачIого гIолареб жолъун ккола какил гIужал цIуни, гьедин цIунизе лъачIони, гьелъул щибаб моцIалъ 3-5 цIикIкIунги как бачIого хутIула.

Хал гьабе, щибаб моцIалъ гьедигIанал какал рачIого хутIараб мехалъ, лъагIалида жаниб гьезул къадар кибе бахунебали. Хадубги хал гьабе, 50-60 соналъул гIумруялде инегIан рорчIулел каказул къадар кибе бахине бугебали. Бокьун цо как тарав чи, Аллагь аварагасул (с.т.гI.в.) цIуниялдаса ватIалъарав чи вугилан хIадисалги руго. ГIужал цIунизе лъаларей чIужугIаданалъулин абуни, гIумруялъул азаргоялдаса тIадехун какал хутIизе рес буго. КигIан кIудияб хIакъикье ккезе ресха бугеб гьей чIужугIаданги, гьелда гьеб малъичIого тарав рукъалъул бихьинчиги. Гьединлъидал, гьелда лъачIого гIоларо гIужазул авалги-ахирги.

***ПатIимат***-Вай, дир гьудул ГIунайзат. Какие цIакъай гIадан йигин гурищ дун йикIарай. КигIан лъикIха дуца дун кантIизаюрай. Жакъа къоялда, АльхIамдулиллагь, рецц БетIергьан Аллагьасе, рагьун мадрасалги руго, диналъе гIатIилъабиги руго, рилълъа цо лахIзаталъ нахъ бахъичIого динияб бичIчIи тIалаб гьабизе мадрасаялде.

**ГI. МухIамадова**

## ЧIужугIаданалъул гIибадат ва гьелъул диналда хурхарал амраби

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «ГIелму тIалаб гьаби кинавго бусурбанчиясда ва бусурманчIужуялда тIадаб буго» (Ибну Мажжагь «мукъаддимат» 220.

Суал: Какил гIуж щун хадуб гьеб балелде дир хIайиз бачIани, яцIцIалъун хадуб дица гьеб как базе кколищ?

-Какил гIуж щун хадуб, как базе гIураб заманги ун букIун батани, ккола, гурони, кколаро. Гьелдаго цадахъ бицинчIого гIоларо хIайиз къотIараб заманаялъ ругел каказул.

МаркIачIул гIуж щвезе цо лахIзат хутIидал хIайиз къотIани, чIужугIаданалъ кIванагIан хехго черх чуризе гIамалги гьабун, цохIо маркIачIул как гуреб-

ги базе ккола бакъанил какги, щай гурелъул гьей яцIцIалъун йикIана бакъанил гIужалда ва бакъанилалда цадахъ бецIизе ккола къалъулги, щай гурелъул, цIакъго унтараб мехалъги бакъанилалде тIаде босизе бегьулелъул къаде как. Гьебго къагIидаялъ тIалъула маркIачIулги боголилги как бецIизе, рогьалил гIуж щвелалде яцIцIалъани. Гьаб буго цIакъ кIвар кьезе кколеб бакI, щай гурелъул, гьединал какал рецIичIони, чIужугIаданалъул гIумруялда жаниб гIезе бегьула азариде гIагарун бачIеб как. ЦохIо бачIеб какилцин жаваб кьейги махIниги бигьаяб жо гуро.

Аллагьас киназего тавпикъ кьеги шаргIалъ малъухъе хьвадизе. Амин.

## ЙОРЧIАМИ, МАГIАРУЛАЙ

**Макьидаса йорчIарай,**
**ЙорчIами, магIарулай,**
**ГIатIиракьалде арай,**
**ГIумру кинан бугеб дур?**

**Бихьарабищ дуниял,**
**Дуе бахчун букIараб?**
**ДандчIваралищ гIадамал**
**ГIатIидаб шагьранухда?**

**Щиб батараб лъикIаб жо**
**ЛъарагIазул ракьалда?**
**Унго, анкьил рокьийищ,**
**Бокьухъе хьвадицинищ?**

**Щивгун гени куней мун**
**Шагьаралъул бахчабахъ?**
**Кинаб тIагIам цIцIулей мун**
**ГьоцIо хъвачIел кIутIбигун?**

**Басриял гIадатазул**
**ГIомо бичун хадуса,**
**Дуца чияр куналъищ**
**Дурго гIумру бессараб?**

**ЧохтIо тIаса бахъигун**
**Черхго бакъалда лъезе,**
**Бакъул унти ккелилан**
**Кинан мун хIинкъуларей?**

**Росу бихьизениги**
**Хьулгойищ дур лъолареб,**
**Хабзалахъе щвезецин**
**Щоларищ магIарухъе?**

**мугIруздасан чвахулеб**
**ГIурул хъуди рагIичIищ?**
**Гьелъ лъиего чучичIей**
**Чан гIолилай хъамурай?**

**РукIкIарал кьунсрул гIадал**
**Кьурул сиртал рихьичIищ,**
**Сунда гьезул ракI хвараб**
**Хиялго гьабуларищ?**

**Огь, магIарул ракьалда**
**Макьилгицин гьуинлъи!**
**Макьидаса йорчIарай ,**
**ЙорчIами, магIарулай.**

**Загьид ХIажиев.**

# ДЕРЕЦ

## КIодол дарсал

Роччараб хасалихълъиялъул къо. Ясли-ахалдасан васасул васги ясги рачун ячIуней ПатIимат.

-Дир милъиршаби, бицея, кин араб нужер жакъасеб къо?

-ДахIабаба, дида жакъа ГIумарица кIаркьеналда хIанчIана, амма дун гIодичIо, дуца малъунлъидал букIараб, бихьинал гIодуларин,-ян жаваб кьуна гьитIинав АхIмадица.

-БитIараб гьабун буго, дир дарман, гьитIинго цIунизе ккола бихьинчиясул цIар. Мун гIурав мехалъги гIодиро вукIанин бадибчIвай гьабулел камизе гьечIо.

-ДахIабаба, АхIмадица жакъа бихьизабураб гьунар бицинищабун кIалъазе жуяна гьитIинай Аминатги?

-Бицея, месед!

-Жакъа ниж адаца азбаралде рачиндал, киса лъаларо баккун гьой бачIана, ниж киналго хIинкъана, амма АхIмад абуни, ада аскIой щвезегIан чIечIого гамачIги босун, гьой къотIизе лъугьана, тIуркIун добги лъутана.

-Балагье, кIубабаги абун, тIад цIваги бахъараб квер бихьизабуна АхIмадица кIудияй эбелалда, садикалъул багьадур абун цIар щвана дие жакъа.

-Дир гьитIинав бахIарчи, абун йоххун къвал бала кIодоца васасда. Гьедин рохун цере унаго, гьезда аскIосан машина ана ва гьениб жанисан кIаркьен хIанчIарав ГIумарица АхIмадида мацI бихьизабула. Пашманлъи бачIула АхIмадил гьурмаде. Гьелъул хIисаб ккарай кIудияй



эбелалъ гьикъула:-Гьа, багьадур, мацI бихьараб сабаблъунищ нодо букIкIараб ва пашманлъун арав?

-Гуро, дахIабаба…!

-Бице, щиб багьанаялъ?

-РитIухълъи гьечIолъиялъ.

-Сундулъ гьечIеб ритIухълъи, гьитIинго вукIадго кинал кIудиял пикраби дур ругел?

-Доле, дов ГIумарида хадуб кидаго цIад баниги бачIониги Джип машина бачIуна, гьесул гIемер расанкIабиги руго, планшетцин битIун бачIун буго инсуца. Нилъ лъелго хьвадулел руго садикалдасан рокъор щвезегIан, хIарщги мерхьун. Рокъор ругел расанкIабиги чIалгIун руго, планшет диеги бокьун буго гонкаби хIазе,-ян бадиб магIу сверун кIалъана АхIмад.

-Я дир дарман, гьелъухъищ дуе пашманлъизе бачIараб? Нилъее Аллагьас кьун буго кIиго хIетIе, нилъ рилъанхъарабгIан нилъее чорхоеги, сахлъиялъеги пайда бугеб. Чан чи, кигIан лъимал ругел бохдул, хIатIал гьечIел, мун машина гьечIин гIодуге. Дур яцги, кIудияв вацги руго цадахъ расандизе, амма ГIумарил рухI гьечIел расанкIаби руго. Планшет щиб бугеб дида лъаларо, дир гьитIич, лъала, дуца гьарани, гьеб дуе инсуца босулеблъи, ГIумарил дада рикIкIад вуго, досие инсухъан битIун гурони щоларо, дур дада аскIов вуго, дур кверги ккун мун тукаде вачизе.

ГIумарида хадув чияр даци вачIула вачизе, дуда хадур дур умумул яги дун. Мун нилъер гьитIинав цIодор, хIисаб гьабеха щал нужеда кIиясдаго гьоркьор бищун талихIал ругелали?

КIудияй эбел суал кьун яхъиналде гьитIинай Аминатица гьимулаго абуна:

-Пашманлъуге, АхIмад, нилъер дадацаги босила приора.

## Жакъа буго рузман къо

**Жакъа буго рузман къо**
**Рогьалилъго вахъана,**
**Нахъе тIамун течIого**
**Аллагьасе как бана.**

**Кодор чIумал росана,**
**Ссалат-салам битIана.**

**Жанисан ракI бацIцIалъи**
**Бичасул иш бугилан,**
**Пикрабазулъ Аллагь ккун**
**Гьесде гьари тIамуна.**

**ТIадагьлъун черх бачIана,**
**Берцинлъун дунял ана**
**Аваданго каранда**
**РакI къуркьизе лъугьана.**

**АхIмад НургIалиев.**

***Суратал кьер-кьерал релъеназ белъе***





***Хириял гьитIичал, нижеда ракIалда ккана, газета гьоркьоб ккун, нужее суалал кьезе.***
***Гьел суалазе жавабал кьурал "Гьудуллъи" газеталъул гьитIинал гьудулзабазе нижеца хIадурун руго шапакъаталги.***

**Мун бусурманчи вугищ?**
**Дур БетIергьан щив?**
**Дун дуда щакав вуго?**
**Дур авараг щив?**

**Дур иман щиб?**
**Дур къилба щиб?**
**Дур эмен щив?**
**Дур эбел щий?**

**Дур вацал щал?**
**Дур яцал щал?**
**Дур тушман щиб?**

**Гьал суалазе ругел нужерго жавабал ритIизе бегьула нижер редакциялде яги гьаб хадуб рехсараб номералде: 8989 6612798.**

«Гьудуллъи» газеталъ 90 сон тIубаялде

# ЛИТЕРАТУРИЯБ ГЬУМЕР



*Лъабго районалда тIад лъураб тIагъур гIадин бихьула тIад ГIалахъ росу. Гьеле гьеб росулъ гьавуна, таманалго соназ «Гьудуллъи» газеталда мухбирлъун хIалтIарав, пагьму-гьунар тIокIав журналист ва поэт Шамил Мусаев. ТIогьол сагабиги, керчал рохьалги, чвахулел ицца-зул хIайранаб сасги, босилареб кинха кодобе къалам гIолохъанав шагIирас.*

*Дунялалъул рокъоб гIумру буго къокъаб жо, амма шагIир, гьесул пикру шигIрудулъ хутIула цIалдолелгун цадахъ.*

ГЬУДУЛАЛДЕ

**Абула ракьалда щивав чи рикIкIун**
**Къаси цIва кунчIулин борхатаб зодиб.**
**Гьел цIвабзазда гьоркьой ятула дий мун,**
**Бищунго гвангъарай, бищун берцинай.**

**Дирни зодиб цIвадул нур тIагIун буго,**
**ЦохIо дур кунчIидул рагIадлъунги ккун.**
**ГIицIго мун гьимидал рекIелъ кунчIараб,**
**ТалихIаб цо чIоралъ бихьула дий нух.**

## КИНИ КИБ ЛЪЕЛЕБ?

**ЦIородал рахчизе бакI балагьулеб**
**КIиго микки чIана рагьараб гордухъ.**
**Рокъоса речIчIулеб хинаб гьаваялъ,**
**РакI беэдун, ана гьениса роржун.**

**Дида цебе чIана гIун бачIунеб гIел,**
**Жанире лъугьине бакI гьечIеб хъизан.**
**Миккиялъ тIинчI лъезе рукъ балагьула,**
**ГьитIинаб ракь гьечIез кини киб лъелеб.**

**ТIадчагIаз гуккарав цо пакъирасул**
**Пинкьахарал квераз рехун тола бел.**
**ХIакимлъиялдаса чIухIарав нажас**
**Чехь гIебеде битIун кьуркьула цеве.**

**Бикъун гIорцIарасда мун вичIчIуларо,**
**Дуда тIад велъунги гьев гIорцIуларо.**
**ЛъикIни буго, гьудул, гьаб бакIаб дунял**
**ЦIогьорас кIи бихъун бикъичIого тей.**

## ХЪВАНА ДИЦА КЕЧI

**Макъала хъван тезе мацIихъанасул**
**ЦIарукь ккейги буго гьересияб жо.**
**ТIатун рагьун бугеб хIакъикъаталъул,**
**Сурукълъи рагьизин цIарал хъвачIого.**

**Дагъистан халкъалъул жамагIатазул**
**ХIалбихьулел къоял дагьал рукIинчIо,**
**Сундулъго къуркьичIел магIарулазул,**
**ХIалбихьулеб заман жакъаги буго.**

**Камураб щиб дуе мугIрузул тIалъи,**
**Рукъ цIун бугеб рищни къватIиб гьурщизе.**
**ГIакълу-лъай лъухьулеб цIияб жулица,**
**Лъухьун унеб бугин нилъер рацIцIалъи.**

## РЕКIЕЛЪ БАСАНДУЛЕБ АСАРЦИН КIИГО БУГО

**МугIрузул хIанчIил чIири-чIагояб гьаб дуниял,**
**РекIелъан унеб хIухьел-дудехун бугеб хIасрат.**
**Ралъдалъ гучаб карачел-гьелегьараб каранлъ цIа,**
**Къаданиб лъураб таргьа-хIалхьуе бугеб лахIзат.**

**Киналъулго рекъон ккей, дунялалъул гьайбатлъи,**
**ГIишкъул анищазул цIва-цIа гъолеб рекIелъ асар.**
**Ракьалъулгун лъиналъул цо нух ккураб ахIвал-хIал,**
**Дир рекIелъ бухъардулеб пикрабазул сухъмахъ нух.**

**Кивехун дун щваниги щиб дида бихьаниги,**
**Дир рекIелъ басандулеб асарцин кIиго буго-**
**Цояб дур пикрабазда хIалхьуда рекъон ккараб,**
**Цойгидаб къисматалъул къварилъиялъ хъат бараб.**

**Дун вуго гьаб ракьалда гIакълучигун жагьилчи,**
**Дун вуго ханзабазулъ цеветIурав тIад тарав..**
**Дун вуго пакъиразулъ нахъе ккарав цIар гьечIев,**
**ГIадамазулъ сурун ккун тIабигIат беэдулев.**

**Цо-цо тIабигIаталъги гьурмалъ зар бала дида,**
**Ихдал тIегь базениги гъветI гьечIев пакъирасда.**
**ЧIараб тIегь бугониги гьороца ун батула,**
**Духъе щиб босун щвелев сундулъго битI ккечIев дун.**

**КIодоца анищазул квацIи бегьана дихъе**
**Дун унеб нухлул каву рагьана заманаялъ.**
**Дол киналго хутIана талихIал дир къояллъун,**
**Мун рекIелъ лъун хьвадизе рагьараб шагьранухлъун.**

## КЪИСМАТАЛЪУЛ КАВУ РАХАНА ДУЦА

**Щай мун къварилъулей, берцинай гIадан,**
**ГIищкъуялъ гуккунищ, къисмат бигъунищ?**
**Щай мун ялагьулей къваридго диде,**
**Дица рекIел бухIи рагьичIогонищ?**

**Рагьана…ахIана дица халкъалде**
**Дун вугин гIищкъуялъ вухIулев гIабдал.**
**Киназго малъана духъе унеб нух,**
**Къисматалъул каву рахана дуца.**

**Кавудухъан ине къасд букIана дир,**
**Цоцазул кверал ккун цохIо нухги ккун.**
**Дуца щаялиго бахъун ана квер,**
**Валагьун тана дун лъимер киннигин.**

**Дун вукIана нартав гьал кьурабазулъ,**
**Дуца дун вачана дурго хIатIикье.**
**Дун вукIана чIухIун дур лагълъун вукIун,**
**Дуе бетIер къулун къо унеб букIун.**

**Дуца рахсал рана дир анищазда,**
**Пикраби хутIана гIицIго мун сверун.**
**Дуца гIаданлъун дун рикIкIинчIониги,**
**Мун лъан хвезе вукIун вохун вуго дун.**

ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

**«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**Директорасул ишал тIуралев**

**А. Агъларов**

**Мухбирзаби:**

**ГI. МухIамадова**

**П. Дибирова**

**П. Камилова**

**М. МухIамадова**

**XI. XIасанхIажиев**

**Фотокорреспондентал:**

**К. Камилов**

**Ш. МуртазагIалиев**

**Корректор**

**П.МухIамадова**

**Наборщица**

**П. Эльдарова**

**Дизайнер**

**С. Камилова**

***Индекс: 368970***

***Адрес:***

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

***Телефон:***

***Директорасул***

***8928 680 50 42***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

***Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

***Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61***

***Тираж -600 Индекс-51349***

*Заказ № _____*

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.**

**от 31 мая 2017 года.**

**ПИ № ТУ 05 - 00381**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**

# САЛИХIАТ-ЦЕЕТIУРАЙ ГIУЦIАРУХЪАН

Сахаватлъи гьабуралкIодолъиялде щола, гIаданлъиялда чIарав- цIикIкIаралде вахуна, абураб гIакъилаб аби буго магIарулазул. СалихIатил гIумрудул болъаби ва гьениса тIадегIанаб болъоялде гьей яхиялъе аслияб гIиллалъун ккана гIадан инсанлъиялъулаб дангъва чорхолъ бугей ва тIаде босараб иш гIумруялде бахъизе хIаракатчилъи бихьизабулей ва бажарулей йикIин. СалихIатица гьитIинаб механдаса нахъего чорхолъ цIунана мискинав, бечедав, хIакимчи батIа гьавичIого, гIадамазул жиндехунго ва жиндир гьездехун бугеб гьуинлъи ва хIажат ккаралъуй яти. Гьединайлъун гьей ятиялъе нугIлъи гьабулел хIужабазул бицине бокьун буго дие гьаб макъалаялда.

Нилъер районалда бугеб социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул отделениялъул хIалтIухъабаз хIаракатаб хIалтIи гьабулеб буго цохIо жидедаго тIадал ишал тIуразариялда гуребги гьеб гIатIид гьабиялъул рахъалъги. Амма бигьаяб букIинчIо жакъа бугеб даражаялде гьеб бахинабиялъул иш. Гьелъие гIоло дандчIвалел квал-квалазде балагьичIого, нахъе къан чIечIого, гьеб централъул цее йикIарай директор СалихIат Дамадановалъ, захIматалъулаб коллективалъ къуркьи гьечIеб къеркьей гьабиялъул хIасилалда кIвана социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул рахъ гIатIид гьабизе. Гьеб отделение сверана социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул комплекснияб централде. ТIоцересел соназда гьеб отделениялъ хъулухъ гьабулаан балагьизе чи гьечIого, янгъизго хутIарал, гIумруялъул гIезегIанго сонал нахъе тарал харабазе. 1994 соналъул май моцIалда гIуцIана гьелъул центр (ЦСОН) ва гьелъие кьучI лъурайлъун ккола СалихIат Дамаданова.

Гьеб централда букIана ункъго отделение. Гьездаса лъабго отделение букIана социалияб рахъалъ кумек гьабиялъул ва хехаб кумек гьаби-

ялъул. Амма цере лъурал масъалаби тIуразаризе цо дагьаб захIмалъулеб букIана. ХIажатаблъун ккана цогиги отделение рагьизе. Гьеб бигьаяб иш букIинчIо. Гьеб механда СалихIат Дамадановалъ сапар бухьана республикаялъул идарабазул нухмалъулезухъе. Амма циндаго гуро гьеб суалги тIубараб. Министерствоялъул халатал коридорал гIемер рорцун, рикIкIен цIикIкIарал хIакимзабазул кабинетазде щун хадуса кIвана 1996 соналъул октябрь моцIалда рахIму-цIобалъулаб отделение рагьизе. Гьеб отделениялъул аслияб хIалтIилъунги кколеб букIана инвалидал ва херал чагIи къад гьенире рачун, гьезие хIухьбахъи гьабиги ва къалъул гIужалда кваназариги. Гьединаб отделение рагьун ячIунаго СалихIат Дамаданова кIудияб ургъаликье ккана. Гьелъул рекIее рахIат толеб букIинчIо гьеб отделениялъул жиндаго церечIарал масъалаби гIумруялде рахъизе ккани, райцентралда щвеладайха рукъзал, жанир лъезе кроватал, бусен-къайи, рукIана пикраби райбюджеталдаса кванил сурсатал росизе гIарац щвеладай,-ян абуралги. ГIемер гьардон кьуна гьелъие поликлиникаялда цебе бугеб чIунталиде ккараб кIиго рукъ. СалихIатил хIаракатчилъиялдалъун министерствоялдаса гIарацги щун къачIана рукъзал, хьезаруна гьел тIолабго хIажатабщиналдалъун. Хадубккун байбихьана бесдаллъуда хутIарал, саназде рахинчIел лъималазе, хъизан кIудиял, мискинлъуда ругел лъималазе кумек гьабизе. КЦСОНалдаса материалияб рахъалъ гIемер кумек щола гIадамазе. ГIадамазулги букIуна нижедехун лъикIаб бербалагьи. ГIезегIан макъалаби рукIунаан газеталда жидер гьабураб тIалаб-агъазалъухъ баркала кьун хъваралги. Диргун букIараб кIалъаялъул ахиралда газета гьоркьоб ккун бокьун буго хIалтIулъ лъикIаб хIаракатчилъи бихьизабурал хIалтIухъабазе дирго цIаралдаса ракI-ракIалъулаб баркала кьезе. Гьединаздаса ккола: ПатIимат Шагьрудинова, ХIабият ГIабдурашидова, Ханика МухIамаева, Сакинат Абакарова, ГIунайзат Гъазиева, Мадина Абакарова ва гь.ц. Гьединго бокьун буго хIалтIухъабазда баркизе тIаде щолеб бугеб профессионалияб байрам-«День пожилых людей». Гьаризе гьезие кидагосеб рохел, талихIаб хъизаналъулаб гIумру ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**П. ДИБИРОВА.**

# ИНФОРМАЦИЯ

В Пенсионном фонде Дагестана пояснили, что такое правило «нулевого дохода». О том, что такое «правило нулевого дохода» и как оно действует при определении права на ту или иную выплату, пояснили в Пенсионном фонде Дагестана. - «Правило нулевого дохода» предполагает, что пособие назначается при наличии у взрослых членов семьи заработка (стипендии, доходов от трудовой или предпринимательской деятельности или пенсии) или отсутствие доходов обосновано объективными жизненными обстоятельствами. Одним из критериев определения права на новые ежемесячные пособия - беременным, вставшим на учёт в ранние сроки, и родителям, в одиночку воспитывающим детей в возрасте от 8 до 16 лет включительно, - является размер дохода семьи. Он не должен превышать прожиточного минимума на душу населения в субъекте. В Республике Дагестан в 2021 г. он составляет 10628 руб. Сведения о доходах учитываются за 12 месяцев, но отсчёт этого периода начинается за 4 месяца до даты подачи заявления. Например, если обратиться за выплатой в июле 2021 г., то будут учитываться доходы с марта 2020 г. по февраль 2021 г., а если в августе 2021 г., то – с апреля 2020 г. по март 2021 г. Чтобы определить, имеет ли семья право на выплату, необходимо разделить доходы всех членов семьи за учитываемый год на двенадцать месяцев и на количество членов семьи. Пособие назначается с учётом комплексной оценки нуждаемости, т.е. учитываются объекты недвижимости, транспортные средства, дивиденды по вкладам и другие показатели. Подробнее с критериями оценки можно ознакомиться в тематических разделах на главной странице сайта Пенсионного фонда. Одно из важных составляющих – «правило нулевого дохода». Оно предполагает, что пособие может быть назначено при отсутствии доходов, обоснованных объективными жизненными обстоятельствами, к которым относятся: u отсутствие доходов у заявителя или одного из членов его многодетной семьи или, когда заявитель является единственным родителем, имеющим несовершеннолетних детей; u уход за ребёнком до достижения им возраста трёх лет; u уход за гражданином с инвалидностью или пожилым человеком старше 80 лет; u обучение на очной форме заявителя или членов семьи моложе 23 лет без получения стипендии; u срочная служба в армии и 3-месячный период после демобилизации; u прохождение лечения длительностью от 3 месяцев и более; u безработица (необходимо официально подтвердить регистрацию в качестве безработного в центре занятости, учитывается до 6 месяцев нахождения в таком статусе); u отбывание наказания и 3-месячный период после освобождения из мест лишения свободы. Периоды отсутствия доходов должны составлять в совокупности 10 и более месяцев расчетного периода. Справочно: размер ежемесячного пособия единственным родителям на детей в возрасте от 8 до 16 лет включительно в Дагестане составляет 5378 руб., а женщинам, вставшим на учёт в медицинской организации в ранние сроки беременности, – 5493 руб.